

Rete Sennesof Pandan Pòz Prentan an

Pòz pou prentan (Spring break) kòmanse **Lendi 29 mas**. Avèk tanperati a ki kòmanse cho epi plis paran ak granparan ap pran vaksen, ou ka ap konsidere pou vwayaje. Vwayaje kounye a se pa yon bon ide paske COVID-19 toujou rete yon gwo risk, epi li mete oumenm, fanmi w, ak kominote w nan risk pou atrape ak pwopaje viris la. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi federal yo **priye nou tout pou evite deplase ale yon lòt kote**.

Tanpri ede evite pwopagasyon COVID-19; pa vwayaje. Si w oblije vwayaje, sonje konsèy sa yo pou prevansyon kont COVID-19:

- Kenbe distans ak lòt moun, pote epi sèvi avèk dezenfektan pou men, epi asire ke tout moun ki gen plis pase dezan gen yon bagay ki kouvri figi yo.
- Konsidere rete nan yon otèl olye lakay yon moun. Si ou gen vizitè k ap vin lakay ou, sigjere yo fè menm bagay la.
- Chwazi aktivite ki pèmèt ou kenbe distans apwopriye avèk lòt moun. Evite gwo foul, espesyalman anndan kay.
- Si ou pral pase tan avèk moun ki pa manm nan kay ou, deyò pi an sekirite, paske COVID-19 gaye pi fasil anndan kay. Reyini ansanm nan pak, nan plaj, oswa nan lakou, oswa rankontre pou dine deyò.

Tanpri, sonje yo ka mande vizitè ak Nouyòkè k ap tounen soti lòt kote pou mete yo an karantèn lè yo antre Nouyòk. Pou w jwenn plis enfòmasyon, al gade Avi Eta Nouyòk pou vwayajè konsènan COVID-19 nan coronavirus.health.ny.gov/covid-19-travel-advisory.

Si ou vwayaje, lè w retounen lakay ou nan Vil Nouyòk, li enpòtan anpil pou:

- kontwòle sentòm COVID-19;
- Al fè tès;
- suiv avèk rigè mezi prevansyon COVID-19 tankou gen yon bagay ki kouvri figi w chak fwa ou bò kote lòt moun epi kenbe sis pye distans avèk lòt moun; ak
- imedyatman izole w si ou pa santi ou byen oswa teste pozitif pou COVID-19.

Nou espere ou jwi pòz prentan an avèk anpil sekirite, aktivite amizan ou ka jwenn bò isi a menm lakay ou. Ansanm, nou ka sispann pwopagasyon COVID-19 nan kominote nou yo.